

WE ARE YOUR DOL



Department
of Labor

RÈGLEMEN ANRAPÒ AK DWA ANPLWAYE YO GENYEN PONPE LÈT NAN TETE YO nan Espas Travay la

ENTWODIKSYON AK OBJEKTIF

Seksyon 206-c nan Lwa Travay Eta Nouyòk la bay tout anplwaye nan Nouyòk dwa pou yo ponpe lèt nan tete yo nan espas travay la. Lwa sa a aplikab pou tout konpayi piblik ak prive nan Eta Nouyòk, kèlkeswa gwosè l oswa domèn y ap evolye a.

Ministè Travay Eta Nouyòk kreye règleman ofisyèl pou ponpe lèt nan tete nan espas travay jan lalwa mande sa a, pou pèmèt tout anplwaye konn dwa yo e pou tout konpayi konprann responsabiltè yo genyen. Règleman sa a prensip debaz ki obligatwa, men nou ankouraje konpayi yo pou yo fè lòt aranjman ki adapte ak espas travay la pou sa.

Grasa enfòmasyon ki mansyone pi wo yo, anplwaye yo ap konnen kantite tan yo genyen pou yo ponpe lèt nan tete yo, kalite espas konpayi yo dwe bay pou moun ponpe lèt nan tete yo, kijan pou yo di patwon yo y ap bezwen ponpe lèt nan tete yo nan espas travay la, ak fason pou yo rapòte sa nan Ministè Travay si yo pa respekte dwa sa yo.

Patwon yo gen obligasyon pou yo bay tout anplwaye yo règleman sa a lè yo anboche yo ak chak ane aprè sa. Patwon yo gen obligasyon tou pou yo bay anplwaye yo règleman sa a kou yo retounen travay aprè yo fin akouche.

PRAN POZ OU GEN NAN TRAVAY LA POU W PONPE LÈT NAN TETE W

Patwon yo dwe bay poz ki pa peye ki rezonab pou anplwaye yo ka ponpe lèt nan tete yo. Anplis, anplwaye yo dwe ka sèvi ak poz yo peye yo a oswa lè yo gen pou yo manje a pou yo ponpe lèt nan tete yo. Yo dwe gen tan sa pandan twa lane pou pi plis aprè yo fin akouche. Patwon yo dwe bay poz ki pa peye omwen twa èdtan si anplwaye a mande sa. Men, kantite poz ki pa peye yon anplwaye ap bezwen pou l ponpe lèt nan tete l diferan pou chak anplwaye e patwon yo dwe bay poz ki rezonab ki adapte ak chak moun. Li entèdi pou patwon yo fè nenpòt kalite diskriminasyon kont yon anplwaye ki deside ponpe lèt nan tete l nan espas travay la.

Yon anplwaye dwe ka travay anvan ak aprè orè nòmal li pou l ka konble tan l te pran kòm poz ki pa peye yo pou l ponpe lèt nan tete l, depi lè sa tonbe nan lè nòmal konpayi a fonksyone. Men, yon anplwaye pa gen obligasyon pou l konble lè l te fè nan poz ki pa peye yo.

Tout konpayi yo dwe kontinye suiv lwa, règleman, ak enstriksyon eta ak federal ki anplas yo anrapò ak poz ki peye e ki pa peye ak tan pou manje, menmsi anplwaye a sèvi ak tan sa a pou l ponpe lèt nan tete l. Pou w jwenn plis enfòmasyon konsènan kisa yon tan pou manje oswa yon poz ye dapre lwa eta a ak federal la, tanpri gade sous ki bay enfòmasyon sa yo.

- Sit Entènèt Ministè Travay NY ki pale sou Jou Konje, Poz, ak Tan pou Manje
dol.ny.gov/day-rest-and-meal-periods

- Kesyon Moun Abitye Poze Ministè Travay NY Reponn sou Tan pou Manje ak Konje
dol.ny.gov/system/files/documents/2021/03/meal-and-rest-periods-frequently-asked-questions.pdf
- Kesyon FLSA Moun Abitye Poze Ministè Travay NY Reponn sou Tan pou Manje ak Konje
dol.gov/agencies/whd/fact-sheets/22-flsa-hours-worked
- Fèy Enfòmasyon FLSA sou Pèman Poz pou Ponpe Lèt nan Tete
dol.gov/agencies/whd/fact-sheets/73-flsa-break-time-nursing-mothers

Menmsi yon konpayi pa ka mande yon anplwaye pou l travay pandan l ap ponpe lèt nan tete l, pa gen okenn kote nan Lwa Travay 206-c a ki anpeche yon anplwaye fè sa a si l vle. Anplwaye a dwe touche pou tan l pase l ap travay pandan l ap ponpe lèt nan tete l.

Poz ki pa peye yo bay pou ponpe lèt nan tete yo dwe dire omwen ven minit. Men, si sal yo fè pou moun ponpe lèt nan tete yo a, kote moun nan ap pran poz la, pa pre kote anplwaye a travay la, poz yo bay la dwe omwen trant minutes. Yon anplwaye dwe ka pran poz ki pa peye ki pi long si l bezwen. Anplwaye yo ka chwazi pran poz ki pa peye ki pi kout tou.

Anplwaye ki travay a distans yo gen menm dwa yo bay pou pran poz ki pa peye pou yo ponpe lèt nan tete yo, ansanm ak tout lòt anplwaye ki vin travay an pèsòn.

FÈ YON DEMANN POU W PONPE LÈT NAN TETE NAN TRAVAY LA

Si yon anplwaye vle ponpe lèt nan tete yo nan travay la, yo dwe fè patwon yo konn sa alavans nan yon tan ki rezonab, an jeneral, anvan yo retounen travay si yo nan konje. Lè yo fè patwon yo konn sa alavans, sa ba yo tan pou yo jwenn yon kote ki apwopriye epi adapte ak orè yo si sa nesèsè.

Anplwaye ki vle mande yon sal oswa yon lòt kote pou yo ponpe lèt nan tete yo nan travay la dwe voye yon demann ekri bay sipèvizè dirèk yo oswa moun patwon an chwazi pou trete demann yo. Patwon yo dwe reponn demann yo resevwa pou yo bay yon sal oswa lòt kote pou ponpe lèt nan tete a pa ekri nan espas senk jou.

Konpayi yo dwe voye yon imel oswa yon mesaj ki enprime bay tout anplwaye lè yo chwazi yon sal oswa yon lòt kote pou moun ponpe lèt nan tete yo.

KONDISYON ANRAPÒ AK SAL POU PONPE LÈT LA

Met sou tan ki nesèsè yo bay pandan jou travay la, konpayi yo dwe bay yon sal prive oswa yon lòt kote moun ka ponpe lèt nan tete yo. **Espas yo bay pou moun ponpe lèt nan tete yo a pa ka yon kontwa nan twalèt la.**

Sal la oswa lòt kote a dwe:

- Toupre kot anplwaye a ap travay la
- Gen bon klate natirèl oswa lòt limyè
- Yon kote prive – bare pou moun pa wè oswa yon kote moun p ap ka annik antre
- Gen dlo tiyo pou moun nan sèvi, ki potab toupre
- Gen priz kouran (si travay la gen kouran)
- Gen yon chèz
- Gen yon biwo, yon ti tab, kontwa oswa yon espas ki plat

Pa oblije gen yon espas separe pou chak anplwaye k ap fè alètman. Yon konpayi ka chwazi yon sèl sal oswa lòt kote pou moun ponpe lèt nan tete yo. Si gen plis pase yon anplwaye ki bezwen sèvi ak sal pou ponpe lèt la, yon konpayi ka chwazi yon sèl kote pou tout anplwaye sèvi.

Tout kote yo chwazi pou moun ponpe lèt nan tete yo a dwe toupre kote travay la ap fèt la pou anplwaye yo ka sèvi ak espas sa a. Yo dwe ka mache pou y al nan espas la, e distans pou y al kote a pa dwe lakòz anplwaye a bezwen plis tan poz.

Konpayi ki pataje biwo yo, tankou batiman biwo, sant acha ak kote ki menm yo ka kolabore pou yo mete e kenbe yon sal pou moun ponpe lèt, depi kote a nan yon distans ki rezonab ak kote anplwaye k ap sèvi ak sal la ye. Chak konpayi k ap sèvi ak espas sa a tout moun ap sèvi a gen responsabilite pou yo asire yo sal la reponn ak bezwen anplwaye yo.

Si pa gen yon sal ki separe oswa espas ki disponib pou ponpe lèt, yon konpayi ka sèvi ak yon biwo ki vid oswa lòt sal ki disponib pandan yon tan. Sal sa a pa dwe yon kote tout moun oswa lòt anplwa ka antre pandan anplwaye a ap ponpe lèt nan tete l anndan an.

Si pa gen lòt opsyon ditou, yo ka fè yon kabin tounen kote pou moun ponpe lèt nan tete yo. Yo ka sèvi ak yon kabin sèlman si l fèmèn nèt ak yon separatè e tout moun oswa lòt anplwaye pa ka antre ladan l pandan yon moun ap ponpe lèt nan tete l. Mi kabin nan dwe gen yon wotè ki omwen sèt pye pou anplwaye a ka gen entimite l.

Pou sal pou ponpe lèt la ka prive, si l gen yon fenèt, li dwe bare ak yon rido, yon bagay pou bare oswa lòt bagay k ap bare fenèt la. Epitou, espas pou ponpe lèt la dwe gen yon pòt ki ka klete. Si sa pa posib (si se yon kabin ki fèmèn), si pa gen lòt opsyon ditou, yon konpayi ka met yon siy ki montre gen moun k ap sèvi ak espas la e lòt anplwaye oswa tout moun p ap ka antre.

Si gen yon frijidè nan travay la, konpayi yo dwe kite anplwaye yo sèvi avè l pou yo konsève lèt ki sot nan tete yo a. Men, konpayi yo pa responsab pou yo siveye lèt moun ponpe nan okenn frijidè nan travay la. Anplwaye yo gen obligasyon pou yo konsève tout lèt yo ponpe yo nan yon veso ki fèmèn epi al lakay yo ak lèt la chak aprè midi.

Espas ki la pou moun ponpe lèt nan tete yo a dwe toujou pwòp.

Si yon konpayi ka montre li gen difikilte pou l bay yon espas ki respekte kondisyon ki mansyone pi wo a, konpayi a ap toujou bay yon sal oswa lòt kote - ki pa yon kontwa nan twalèt la - ki pre kote travay la ap fèt la kote anplwaye a ka ponpe lèt nan tete l an prive, ki reponn ak tout kondisyon li ka reponn. Gwo difikilte vle di "anpil difikilte oswa depans lè yo analize gwochè, lajan, fason l ap fèt, oswa jan konpayi a fèt la." **Men, yon konpayi pa dwe refize pou yon anplwaye ponpe lèt nan tete l nan travay la paske l difisil pou l jwenn yon kote pou sa.**

MWAYEN MINISTÈ TRAVAY ETA NOUYÒK BAY

Si yon anplwaye panse l ap sibi reprezay paske l ap ponpe lèt nan tete l nan travay la, oswa konpayi y ap travay la vyole règleman sa a, yo dwe kontakte Depatman Ki Responsab Règleman Nan Travay nan Ministè Travay Eta Nouyòk la. Rele nou nan **1-888-52-LABOR**, voye yon imel pou nou nan **LSAsk@labor.ny.gov**, oswa al nan biwo ki responsab Règleman nan Travay ki toupre w la pou w depoze yon plent.

W ap jwenn lis biwo nou yo sou **dol.ny.gov/location/contact-division-labor-standards**.

Plent yo konfidansyèl.

MWAYEN GOUVÈNMAN FEDERAL LA BAY

Lwa federal PUMP la te vin ofisyèl nan lane 2023, e sa te vin bay tout anplwaye k ap ponpe lèt nan tete yo plis pwoteksyon. Nan kad lwa PUMP lan, nenpòt travayè lwa sa a pwoteje yo pa bay poz ak kote apwopriye pandan yon lane pou pi plis aprè yo fin akouche ka depoze yon plent nan Ministè Travay Etazini oswa rele konpayi y ap travay la nan tribinal. Pou w jwenn plis enfòmasyon, tanpri ale sou **dol.gov/agencies/whd/pump-at-work**.